

Kategori: **ELÈV**

Dat Biblikasyon: 9/20/13

Nimewo:

**A-210**

Sijè: NÒM MINIMÒM POU PWOGGRAM KONTWÒL PREZANS ELÈV YO Paj: 1 / 1

## **REZIME CHANJMAN YO**

Règleman sa a ranplase Règleman A-210 Chanselye a ki te pibliye nan dat 20 janvye 2011.

### Chanjman yo:

- Ajoute timoun ki gen senkyèm anivèsè nesans yo ki tonbe nan ane almannak apre admision yo gen obligasyon pou ale nan lekòl matènèl, sof si paran yo chwazi pou enskri yo nan klas premye ane nan ane akademik ki vini apre a (p. 1, §I.A.1).
- Bay eklèsisman sou nòm minimòm pwogram kontwòl prezans lekòl yo dwe devlope epi aplike chak ane; ajoute tit yo nan chak pwen ki endike anba seksyon ki gen tit Nòm Minimòm Pwogram Kontwòl Prezans pou Lekòl yo pou plis eklèsisman (pp. 2-3, §III.A-F).
- Endike pwogram kontwòl prezans lekòl yo dwe prevwa anrejistreman prezans elèv yo chak peryòd, kote li apwopriye, anplis pou yo note prezans elèv yo chak jou nan ATS (p. 2, §III.B).
- Defini absans kwonik epi ajoute kondisyon pou lekòl yo dwe konsève yon sistèm pou rekonèt modèl absans elèv yo epi pou fè entèvansyon espesyal pou redui kantite elèv ki gen absans kwonik (p. 2, §III.C).
- Eklèsi wòl ak objektif yon Suivi Kontwòl Prezans ak Rekòmandasyon pou Bay Asistans nan Fòm 407 (p. 3, §IV.A-B).
- Chanje youn nan sikonstans kote y ap kreye yon Fòm 407 otomatikman: yon Fòm 407 ap otomatikman kreye apre 20 jou absans antou sou yon peryòd kat mwa pou elèv ki nan klas prematènèl jiska klas 8yèm ane, men pa pou elèv ki nan klas 9yèm ane jiska klas 12yèm ane (p. 3, §IV.A.3).
- Eklèsi sikonstans kote yo ka fèmen yon ankèt sou Fòm 407 (p. 3, §IV.E-F).
- Fè chanjman nan tit biwo DOE yo pou montre chanjman nan òganizasyon DOE (p. 4, §VII).

## REZIME

Règleman sa a ranplase Règleman A-210 Chanselye a ki te pibliye nan dat 20 janvye 2011. Li endike nòm minimòm pou pwogram kontwòl prezans nan lekòl, ansanm avèk kondisyon pou satisfè egzijans leta pou prezans, epitou li mete anplas règleman pou sèvis kontwòl prezans nan lekòl, rapòtaj sou prezans ak lòt pwozedi. Rechèch ak suivi kontwòl prezans ak absans kwonik se youn nan responsabilite Depatman Edikasyon ki pi enpòtan, paske li konsène sekrite, satisfaksyon ak siksè edikasyonèl elèv Vil New York yo.

### **I. LWA SOU KONTWÒL PREZANS**

- A. Chak timoun minè ki gen laj ant 5 ak 17 ane nan Vil New York gen obligasyon pou ale lekòl aplentan.
  - 1. Timoun ki vin gen laj 5 ane nan dat 31 desanm ane lekòl la oswa anvan dat sa a gen obligasyon pou ale nan lekòl matènèl nan kòmansman ane lekòl la, sof si timoun nan pa gen obligasyon pou ale nan lekòl matènèl si paran li yo<sup>1</sup> chwazi pou enskri yo nan klas premye ane nan pwochen ane akademik lan.
  - 2. Elèv ki vin gen laj 17 ane nan dat 1ye jiye oswa apre dat sa a dwe fini ane lekòl la lè yo vin gen laj 17 ane a.
- B. Men kèk eksepsyon ki genyen nan kondisyon dapre laj pou kontwòl prezans lan:
  - 1. timoun minè ki gradye nan lekòl segondè.
  - 2. elèv ki resevwa yon diplòm ekivalans nan lekòl segondè.
  - 3. Elèv ki gen laj 16 zan oswa 17 ane epi ki te resevwa yon sètifica travay atanplen.

### **II. RESPONSABILITE POU SÈVIS KONTWÒL PREZANS**

- A. Chanselye a responsab pou mete nòm minimòm yo anplas pou pwogram kontwòl prezans ki base nan lekòl, epi pou bay gid ki asosye avèk pwoblèm ak sèvis kontwòl prezans lan.
- B. Direktè lekòl yo responsab pou asire pwogram kontwòl prezans lekòl li satisfè nòm minimòm pou sèvis prezans lan, jan sa obligatwa dapre egzijans Leta epitou jan sa dekri nan Règleman sa a ak nan lòt gid pwozedi Depatman Edikasyon. Sa gen ladan apwobasyon yon Plan Kontwòl Prezans chak ane, kontwòl dosye egzat prezans lan, epi sipèvizon yon kowòdonatè kontwòl prezans ak yon komite kontwòl prezans ki base nan lekòl la, jan sa endike nan Seksyon III ki anba la a.
- C. Children First Networks (CFN) (Rezo Timoun Dabò) responsab pou bay sipò ak èd pou lekòl yo pou yo kapab asire kondisyon minimòm pwogram kontwòl prezans lan satisfè. Sa gen ladan, men pa sèlman:
  - 1. Ede lekòl yo nan devlopman yon Plan Kontwòl Prezans k ap konsidere aplikasyon efikas rechèch prezans, asistans, suivi ak sèvis sipò; epi
  - 2. Fasilite fòmasyon pou anplwaye ki patisiye nan pwogram kontwòl prezans lan, tankou pwofesè kontwòl prezans, kowòdonatè kontwòl prezans, direktè lekòl yo, direktè adjwen yo, konseye pedagojik yo/anplwaye sipò yo, sekretè responsabilite elèv yo, asistan fanmi yo, ak para-pwofesyonèl yo.

---

<sup>1</sup> Tèm “paran,” kèlkeswa kote li itilize nan règleman sa a, dwe vle di paran (yo) elèv la oswa gadyen legal (yo) elèv la oswa nenpòt moun oswa ajans ki nan yon relasyon paran oswa gadyenaj pou elèv la.

### **III. NÒM MINIMÒM PWOGGRAM KONTWÒL PREZANS POU LEKÒL YO**

- A. **Plan Kontwòl Prezans chak Ane:** Chak ane nan dat 31 oktòb oswa anvan dat sa a, chak lekòl gen obligasyon pou soumèt yon Plan Kontwòl Prezans ki dekri règleman ak pwosedi lekòl la konsènan kontwòl prezans lan. Plan sa a se yon eleman Plan Gwoup Biwo Sekirite ak Developman Jèn yo. Dapre plans sa a, lekòl yo dwe devlope, kominike epi aplike règleman yo pou: toujou gen dosye egzat sou prezans elèv yo; kontwole fason elèv yo an reta ak absan; epi itilize mwayen entèvansyon ki efikas pou amelyore prezans elèv yo nan lekòl la.
- B. **Fason pou Note Prezans Elèv yo:** Yo dwe note prezans elèv la pou jounen an nan ATS chak jou. Nan klas 9yèm ane jiska 12yèm ane nan lekòl ki anba kontwòl depatman an (yon lekòl ki òganize dapre depatman matyè akademik) nan nenpòt nivo klas, yo dwe note prezans elèv yo pou chak peryòd ansèyman ki pwogramme, nan ATS avèk yon lòt metòd pou note prezans lan, dapre pwosedi ki defini nan Plan Kontwòl Prezans elèv yo nan lekòl la. Pwofesè yo responsab pou asire yo konsève yon dosye egzat prezans pou chak elèv nan lis la. Pwofesè a dwe siyen fèy ki eskane yo. Se moun ki gen siyati li ki parèt sou fèy eskane yo ki ka fè chanjman sèlman nan fèy la, epi moun nan dwe mete inisyal li ladan. Yo dwe note tout lòt chanjman kontwòl prezans lan nan Fòm Chanjman Kontwòl Prezans oswa nan dosye ki sanble epi ki antre nan sistèm ATS la. Yo dwe konsève fèy ki eskane yo ak lòt fòm dokiman kontwòl prezans elèv yo nan klasè ki nan lekòl la pandan 6 zan apre dat ki prevwa pou elèv gradye. Direktè lekòl yo dwe mete dosye sa yo disponib pou moun ki gen otorizasyon revize yo, enspekte epi verifye yo.
1. **Fason pou Note Rezon pou Absans:** Lekòl yo dwe fè tout efò posib pou idantifye epi note rezon pou absans elèv yo. Règleman lekòl la ap defini kalite absans yo y ap aksepte motive ak sa yo p ap aksepte motive, epitou règleman lekòl la ap defini dokiman sipò yo dwe rasanble epi konsève.
  2. **Fason pou Note Reta/Ale Anvan Lekòl Lage:** Règleman lekòl la ap defini sa ki reprezante yon reta epitou I ap defini lè pou yo bay eskiz ak lè pou yo pa bay eskiz pou reta yo. Lekòl yo dwe konsèv dosye reta elèv yo ak lè elèv yo ale anvan lekòl lage dapre règleman lekòl la defini. Yon elèv ki gen reta nan dosye li konsidere kòm yon elèv ki prezan pou jounen lekòl la. Okenn kantite reta pa reprezante yon absans. Yon elèv konsidere kòm yon elèv ki prezan pou jounen an si li prezan omwen nan yon peryòd ansèyman. Lè yon elèv an reta souvan oswa lè elèv la gen reta ki pa jwenn eskiz oswa lè elèv la ale anvan lekòl lage, lekòl la gen obligasyon pou aplike menm suivi ak pwosedi entèvansyon avèk absans yo.
  3. **Aranjman pou Sèvis Relijye:** Lekòl yo dwe swiv Règleman A-630 Chanselye a pou note lè elèv yo ale anvan lekòl lage ak absans ki jwenn eskiz yo akòz obsèvasyon relijye.
- C. **Fason pou Asire Prezans Regilye Elèv yo:** Lekòl yo dwe mete anplas epi konsève yon sistèm pou rekonèt modèl absans elèv yo. Si yon elèv ki rate ekivalan 2 oswa plis jou pa mwa, oswa 20 oswa plis jou nan yon ane lekòl, elèv sa a konsidere kòm yon elèv ki gen absans kwonik. Lekòl yo dwe mete anplas epi aplike entèvansyon espesyal pou redui kantite elèv ki gen absans kwonik.
- D. **Kowòdonatè Kontwòl Prezans:** Nan chak lekòl, yon kowòdonatè kontwòl prezans (administratè oswa pedagòg) pou operasyon jeneral pwogram kontwòl prezans elèv yo nan lekòl la, anba sipèvizyon direktè lekòl la oswa yon moun li deziyen. Sa gen ladan men pa sèlman, asire prezans elèv la note avèk presizyon, tout dokiman yo siyen kòmsadwa epi yo disponib pou revizyon, yo kontakte paran yo apre absans yon elèv, tout dokiman ki asosye avèk suivi prezans lan ranpli kòmsadwa, epi yo swiv tout pwosedi 407 yo, jan sa endike anba la a.
- E. **Komite Kontwòl Prezans:** Chak lekòl dwe gen yon Komite Kontwòl Prezans ki fòme avèk manm kominote lekòl la tankou, men pa sèlman, pwofesè yo, administratè yo, pwofesè kontwòl prezans yo, ak konseye pedagojik yo. Komite Kontwòl Prezans lan itilize etid done ak ka yo pou idantifye epi rezoud rezon ki anba-anba pou reta ak prezans yo.

F. **Asistans Paran:** Lekòl yo dwe kontakte paran yo pou detèmine sa ki lakòz absans yon timoun san eksplikasyon, epi pou pwopoze yon rezolisyon. Lekòl la dwe fè tout efò posib pou rele paran yo nan telefòn nan premye jou absans yon elèv. Lekòl la ka itilize sistèm koutfil otomatik yo, kèlkeswa lè li posib, pou ajoute sou efò asistans lekòl la. Lekòl la dwe note epi konsève nan dosye lekòl la tout lè yo kontakte para yo ak tout lè yo fè efò pou kontakte paran yo. Lekòl la dwe antre efò pou bay asistans ak entèvansyon nan sistèm ILOG sou ATS la. Lekòl yo responsab pou toujou gen dènye enfòmasyon pou kontakte paran yo (adrès ak nimewo telefòn) nan ATS la.

#### **IV. SISTÈM SUIVI NAN FÒM 407**

- A. Suivi Kontwòl Prezans ak Rekòmandasyon pou Bay Asistans nan Fòm 407 la asire yo fè yon ankèt ki note pou chak elèv ki bezwen suivi kontinye apre yo itilize mezi nòmal pou bay asistans ak entèvansyon. Yon lekòl fè yon ankèt dapre pwosedi 407 pou idantifye rezon ki fè elèv sa yo toujou absan epi pou retounen yo nan lekòl la oswa pou ranvwaye yo kòmsadwa. Y ap kreye yon Suivi Kontwòl Prezans ak Rekòmandasyon pou Bay Asistans nan Fòm 407 la otomatikman nan tout lekòl yo anba kondisyon sa yo:
  1. lè yon elèv te absan pandan 10 jou youn-apre-lòt.
  2. kote te gen yon ankèt dapre pwosedi 407 ki te fèt anvan pou yon elèv, lè elèv sa a te absan pandan 8 jou youn-apre-lòt oswa pandan 15 jou antou.
  3. pou elèv ki nan klas pre-matènèl jiska klas 8yèm ane, lè yon elèv te absan pandan 20 jou antou sou yon peryòd kat mwa.
- B. Yo ap kreye yon rekòmandasyon otomatikman dapre pwosedi 407 nan 30 jou ki vini apre yo te ranvwaye yon elèv kòm "Adrès Enkoni," oswa nan 20 jou apre yo te ranvwaye yon elèv nan yon lekòl ki pa anba kontwòl DOE san dokiman enskripsyon. Objektif pwosedi 407 yo se pou fè yon nouvo ankèt pou asire deziyasyon "Adrès Enkoni" an toujou apwopriye epi konfime si nenpòt lòt enfòmasyon vin disponib konsènan kote elèv la ye oswa kote fanmi li ye.
- C. Yo ka fè suivi Kontwòl Prezans ak Rekòmandasyon pou Bay Asistans nan Fòm 407 la ka alamen lè li nesesè pou ale nan yon kay oswa pou fè yon ankèt, jan administrasyon lekòl la detèmine sa.
- D. Apre lekòl la kreye Fòm 407 la, lekòl la dwe note tout enfòmasyon yo, efò pou bay asistans, ak entèvansyon yo nan swa Sistèm ILOG sou ATS la, dirèkteman nan Fòm 407 la, epi/oswa sou fòm yon kòd kòmantè nan ATS la. Si ka pa kapab rezoud nan nivo lekòl la, yo dwe bay Fòm 407 la pou yon pwofesè kontwòl prezans pou li fè yon lòt ankèt.
- E. Lè ankèt la fini, yo dwe antre kòd rezolisyon an ak dat fèmti dosye a nan Sistèm ATS la, epitou yo dwe klase Fòm 407 la nan lekòl la. Yon Fòm 407 pou kontwòl prezans yon elèv fèmen lè elèv la retounen nan lekòl la oswa lè yo ranvwaye elèv la kòmsadwa. Yon Fòm 407 yo kreye lè yo ranvwaye yon elèv anba sikonstans ki dekri nan Seksyon IV.B règleman sa a fèmen avèk yon kòd ki endike rezulta ankèt la. Pou Fòm 407 ki pa kapab fèmen yo, lekòl la ka antre yon kòd kòmantè nan ATS la.
- F. Kowòdonatè kontwòl prezans lan ak/oswa direktè lekòl la dwe revize tout Fòm 407 yo kreye pou elèv ki nan klas pre-matènèl jiska klas 8yèm ane ki rete san rezolisyon pandan plis pase 10 jou pou yo kapab konfime pwoblèm ki anpeche yo jwenn yon rezolisyon. Si lekòl la kapab fèmen Fòm 407 la anvan 10 jou, yo dwe antre yon kòd kòmantè nan ATS la.

#### **V. MIZAJOU NAN LIS ELÈV LEKÒL LA**

Direktè lekòl la, nan tèt ansam avèk kowòdonatè kontwòl prezans lan, dwe devlope yon pwogram Mizajou nan Lis Elèv Lekòl la ki deziyen pou chèche epi pou swa retounen nan lekòl la oswa ranvwaye kòmsadwa elèv ki sou lis lekòl la epi ki pa t parèt nan kòmansman ane lekòl la, tankou elèv yo te remake nan lekòl la.

#### **VI. FÒMASYON AK ASISTANS TEKNIK**

Office of Safety and Youth Development (Biwo Pwoteksyon ak Developman Jèn Moun) bay fòmasyon, sipò teknik ak asistans pou lekòl yo ak anplwaye rezo a sou tout pwoblèm ki konsène

kontwòl prezans elèv yo.

**VII. KESYON**

Pou kesyon konsènan règleman sa a, ou dwe kontakte:

Telefòn:  
212-374-6095

*Office of Safety and Youth Development*  
N.Y.C. Department of Education  
52 Chambers Street - Sal 218  
New York, NY 10007

Faks:  
212-374-5751